



Consumer and Worker Protection

HAITIAN CREOLE

Piblikasyon sa a gen enfòmasyon rive jiska 20 me ladan.

Tanpri ale sou nyc.gov/consumers.



ENPÒTAN

- Monte pri yo tèt nèg ILEGAL pou NENPÒT bagay oswa sèvis ki nesesè pou limite pwopagasyon kowonaviris (COVID-19) la. Depoze yon plent sou on.nyc.gov/overcharge.
- Si ou gen pwoblèm lajan akoz kriz COVID-19 la, ou kapab mande ajans kolèk dèt yo pou yo sispann kontakte ou sou dèt ou genyen deja a. Telechaje yon modèl lèt **sispann komunikasyon sou kolèk dèt** sou nyc.gov/consumers.
- Pou ijans medikal yo, **rele 911**.

Magouy COVID-19 yo ak Konsèy pou Sekirite

Magouyè yo souvan esplwate moun ki fèb yo pandan moman kriz ak detrè yo. Li enpòtan pou ou gen je louvri sou magouy moun ka fè yo yon fason pou w pwoteje tèt ou ak lajan ou. Piblikasyon sa a dekri magouy ki gen rapò ak COVID-19 moun souvan fè yo ak konsèy pou ou rete an sekirite.

Fo Koutfil / Mesaj Tèks / Imèl Gouvènman

Yon magouyè kontakte ou epi li di li ap travay pou gouvènman an. Li mande ou pou w peye oswa ba li enfòmasyon pèsonèl ou. Men egzanp ki rive souvan yo:

Magouy	Kijan Li Fèt?	Reyalite / Konsèy
Magouy Raketè nan Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS)	Magouyè a rele ou epi li fè kòmsi li ap travay nan IRS epi li mande ou pou w peye li oswa ba li enfòmasyon pèsonèl ou. Li di ou li obligatwa pou ou kapab resevwa Peman pou Enpak Ekonomik ou an (peman relans) pi rapid.	<ul style="list-style-type: none">• IRS PA pral rele oswa voye imèl pou li mande w peye oswa mande w ba li enfòmasyon pèsonèl ou pou w jwenn peman relans ou an. Pifò moun pa pral bezwen pran okenn mezi pou yo resevwa li.• Toujou verifye sitwèb ou sou li an—sèl sitwèb ofisyèl pou w verifye enfòmasyon sou peman relans ou an se irs.gov/eip.
Fo Koutfil Lapolis	Magouyè a fè kòmsi li se yon polisye oswa reprezantan NYPD epi li di ou yo arete yon fanmi ou epi ou dwe peye lajan kosyon an avèk plizyè kat kado. Magouyè a ka di ou pwòch ou an wont. Li pa vle pou lòt fanmi konnen sa ki te pase a. Yon moun ki rele ka menm konnen detay pèsonèl sou moun ki swadizan viktim lan, epi yo ka manipile sèvis idantifikasyon nimewo telefòn lan pou li parèt lejitim. Sa se yon magouy. Yon lòt magouy ki posib se yon "polisye" ki di ou gen yon enfraksyon, asiyasyon oswa manda dèyè ou men yo kapab abandone akizasyon yo si ou rele ankò oswa peye yon frè tousuit.	<ul style="list-style-type: none">• Toujou sonje gouvènman an pa pral janm rele konsa pou mande moun peye, sitou si peman an sou fòm kat kado.• Reziste presyon pou w aji vit epi asire ou verifye tout enfòmasyon yo.• Siyale apèl sa yo sou ftc.gov/complaint.

Magouy	Kijan Li Fèt?	Reyalite / Konsèy
Magouy Reklamasyon Alokasyon Chomaj	Magouyè a fè kòmsi li rele ou depi nan Depatman Travay Eta New York (New York State Department of Labor, NYSDOL) pou li verifye enfòmasyon pèsonèl ou epi mande w peye pou l "travay sou reklamasyon w lan".	<ul style="list-style-type: none"> Siveye magouy yo lè w ap depoze reklamasyon pou alokasyon chomaj. Pa pataje detay avèk moun ou pa konnen epi ou pa verifye. Si yon reprezantan NYSDOL kontakte ou toutbon, asire w fè verifikasyon anvan. Mande moun ki rele w la pou li di ou dat ou te depoze aplikasyon w lan ak kalite reklamasyon ou te depoze a. Pwoteje tèt ou epi li fèy enfòmasyon sou Asistans Chomaj pandan Pandemi (Pandemic Unemployment Assistance, PUA) ki disponib sou sitwèb NYSDOL la sou labor.ny.gov.
Magouy Depatman Edikasyon Vil New York (Department of Education, DOE)	Magouyè a di l ap travay nan DOE epi li mande lajan pou li bay yon pwodui oswa yon sèvis pou yon elèv.	<ul style="list-style-type: none"> Nenpòt pwodui oswa sèvis DOE ofri pandan pandemi COVID-19 la, tankou yon laptop oswa yon kont aprantisaj adistans, li bay li GRATIS. Jwenn plis enfòmasyon sou aprantisaj adistans lan sou schools.nyc.gov/learn-at-home.
Fo Pwogram Sekou/Asistans Gouvènman yo	Ou ka resevwa tèks oswa imèl ki di ou kapab depoze yon demann èd pou ti biznis oswa sibvansyon/chèk boni lè w ranpli yon fòm sou entènèt avèk enfòmasyon pèsonèl ou ak yon frè pou tretman dosye. Òf sa yo ka parèt nan piblisite ak pòs sou medya sosyal yo.	<ul style="list-style-type: none"> Toujou asire w se yon sous asistans gouvènman ki lejitim lè w fè rechèch sou non ajans lan, ale sou sitwèb li an, epi li sou sa pwosesis sibvansyon li an ye. Evite klike sou nenpòt lyen ou wè sou medya sosyal yo. Kèk pwogram sekou ki lejitim se Administrasyon Ti Biznis pou prè pou ti biznis oswa ACCESSNYC pou èd manje. Sonje avantaj gouvènman ki "gratis" yo pa koute lajan.
Magouy Renouvelman Lisans/Pèmi Vil New York	Ou gen yon lisans oswa pèmi Vil New York bay. Yon magouyè rele ou epi li fè kòmsi l ap travay pou yon ajans gouvènman k ap ofri yon rabè pou ou renouvel le lisans/pèmi w lan. Moun ki rele a ka mande w pou w voye dokiman asirans yo ak enfòmasyon labank atravè yon aplikasyon mesaj tèks, tankou WhatsApp, pou li travay sou rediksyon frè renouvelman an.	<ul style="list-style-type: none"> Ajans gouvènman yo PA rele konsa pou yo mande enfòmasyon labank. Ou kapab fè pifò peman yo sou sitwèb ofisyèl yo a; verifye enfòmasyon sitwèb ajans lan ki sou dokiman lisans/pèmi w lan oswa ale sou nyc.gov pou w jwenn yon lis ajans Minisipal ki ofisyèl yo.
Fo Reklamasyon Ajans Travay yo	Magouyè a di l ap travay pou yon fo ajans travay epi li atire travayè lasante yo pou yo kite travay yo genyen nan moman an pou yo aksepte "òf" yo a.	<ul style="list-style-type: none"> Li PA LEGAL pou ajans travay Depatman Afè Konsomatè Vil New York otorize yo fè reklamasyon sa yo. Tanpri siyale koutfil sa yo lè w depoze yon plent sou on.nyc.gov/2ROeh4z.

Magouy Öganizasyon Karitativ

Moun souvan vle bay èd pandan moman bezwen yo, men kriz yo bay magouyè yo yon opòtinite pou yo abize jantiyès moun yo.

Men kèk konsèy:

- **TOUJOU fè rechèch anvan ou fè don bay yon òganizasyon karitativ oswa yon moun ki kreye yon paj GoFundMe.**
- Mande òganizasyon yo ki nimewo anrejistreman yo—tout òganizasyon karitativ yo dwe anrejistre bokote Biwo Òganizasyon Karitativ Pwokirè Jeneral New York la.
- Pa janm fè don lajan kach, kat kado, ni fè transfè lajan.
- Siyale magouy òganizasyon karitativ yo lè w depoze yon plent sou www.charitiesnys.com/complaints_new.html

Si w ta renmen ede rezidan New York COVID-19 la afekte yo, al gade nan nyc.gov/helpnow.

Fo Tretman ak Tès COVID-19

Magouy	Kisa pou w PA Fè	Kisa pou w Fè
Pwodui ak Medikaman ki "kont COVID-19" yo	<ul style="list-style-type: none">PA itilize pwodui oswa medikaman yo di ki "kont COVID-19" la sof si yon pwofesyonèl swen sante apwouve yo. Yo ka reprezante danje epi touye ou. <p>Pa gen okenn pwodui nan moman an pou trete oswa fè prevansyon COVID-19 la. Sèl mezi prevansyon pou COVID-19 la yo apwouve nan moman an se distans sosyal ak lavaj men.</p>	<ul style="list-style-type: none">Jwenn plis enfòmasyon sou prevansyon ak swen nan Depatman Sante Vil New York sou on.nyc.gov/2yl55lb.
Ti sak pou Fè Tès Lakay	<ul style="list-style-type: none">PA okipe òf y ap fè ou sou entènèt pou vaksen ak kit pou fè tès COVID-19 lakay ou.	<ul style="list-style-type: none">Siyale nenpòt òf sou entènèt ou kwaze bay Komisyon Komès Federal (Federal Trade Commission, FTC) sou ftc.gov/complaint.Rele 911 si yon moun frape sanzatann nan pòt ou epi di l ap travay nan Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC), Òganizasyon Mondyal Lasante (OMS) oswa Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (Department of Health and Mental Hygiene, DOHMH) pou li fè yon "tès COVID-19".

Magouy Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl

Fè atansyon ak fo koutfil biznis ou ap resevwa ki ap mande lajan pou Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (Personal Protective Equipment, PPE). Moun ki rele a ka di yon manadjè te fè yon kòmann Ekipman Pwoteksyon Pèsonèl (PPE) pou konpayi a epi li bezwen yon manda postal anvan yo fè livrezon an. Asire w toujou pale ak manadjè a oswa moun ki responsab la anvan ou voye nenpòt lajan.

Men kèk konsèy:

- Si w ap achte ekipman pwoteksyon pèsonèl (PPE) sou entènèt, tankou mas pou figi, toujou achte nan magazen ak sou sitwèb ki gen reputasyon yo.
- Fè rechèch sou entènèt sou konpayi a pou ou wè ki eksperyans lòt konsomatè yo te fè avèk li.

Magouy Fichin

Imèl ak tèks mesaj fichin yo souvan genyen yon lyen oswa mande w pou ou bay enfòmasyon pèsonèl yo kapab itilize pou fè fwod oswa vòl idantite.

Men kèk konsèy:

- Toujou verifye adrès imèl la oswa lyen an anvan w klike oswa reponn.
- Ajans gouvènman lejitim yo pa pral janm kontakte ou pou yo mande w lajan.
- Si yon ajans kontakte w toutbon pou mande w enfòmasyon pèsonèl ou, chèche verifye anvan.

Si w gen dout sou yon koutfil oswa imèl:

- Rakwoche (si se yon koutfil).
- Ale sou sitwèb ofisyèl ajans lan oswa rele nimewo ofisyèl ajans lan pou w verifye si koutfil oswa imèl la lejitim.

Si w sisplèk se yon magouy:

- Efase imèl la (si w te resevwa yon imèl).
- Depoze yon plent bòkote Komisyon Kominikasyon Federal la (Federal Communications Commission, FCC) sou fcc.gov/complaints.

Nimewo ou pa Konnen ak Koutfil Anrejistre yo

Magouyè yo ka rele ou oswa itilize koutfil anrejistre ki pa legal pou yo eseye fè tout bagay soti nan magouy fo tretman COVID-19 rive nan magouy travay lakay.

Fè atansyon ak koutfil k ap menase pou koupe gaz ak kouran ou si w pa peye tousuit. Moun ki rele a ka itilize sistèm telefòn ki sofistike ki afiche non konpayi enèji a nan idantifikasiyon nimewo telefòn lan. Sa se yon magouy. Lè w gen dout, ou ta dwe rakwoche epi rele nimewo sèvis kliyantèl ki sou bòdwo w la.

Men yon konsèy:

- Si yon nimewo ou pa byen konnen rele ou, pa dekwoche telefòn lan. Lè w reponn epi peze nenpòt touch, sa ka mennen nan plis koutfil magouy toujou.

Magouy Tichen

Anpil moun ki obeyi lòd pou rete lakay yo ap chèche gen oswa achte yon bèt kay.

Men kèk konsèy:

- Fè rechèch ou anvan ou achte nenpòt bagay. Siveye avètisman konsomatè yo sou sit k ap fè magouy ki vann bèt yo ki ka fè reklam pou bèt ki pa egziste yo pa janm voye.
- Li pi bon pou w wè bèt kay la fas-a-fas anvan w achte li.

- Fè atansyon lè w ap voye lajan nan Western Union, MoneyGram, oswa aplikasyon lajan kach tankou Zelle oswa yon kat kado. Mòd peman sa yo pa ofri okenn mwayen pou w rejwenn lajan w lan si ou viktim yon fwod.
- Siyale nenpòt magouy bèt kay ou kwaze bay FTC sou ftc.gov/complaint.

Fo Afè Lajan

Si yon afè twò bon pou li vre, li jeneralman twò bon. Fè atansyon ak "bon afè" sa yo:

Magouy	Sa Yo Ofri	Sa Ou Kapab Fè
Magouy Soulajman Dèt	Si yon moun rele w, li di ou konpayi li an ofri soulajman dèt, pa pote boure. Moun ki rele a ka di li kapab ofri ou yon aranjman 50 pouyan pou ede ou peye dèt ou epi pou w kontakte li pou w kapab pwofite òf la. Rakwoche tousuit epi evite reponn nenpòt koutfil nimewo ou pa konnen.	<ul style="list-style-type: none">Si ou gen pwoblèm lajan akoz COVID-19 la, ou kapab mande ajans koleksyon dèt yo pou yo sispan kontakte ou sou dèt ou genyen deja a. Telechaje Lèt pou Sispan Kominikasyon sou Koleksyon Dèt: Enstriksyon ak Modèl
Fo Koupon	Fè atansyon ak afè fo koupon k ap sikile sou medya sosyal yo. Lyen koupon an ka mennen ou sou yon lòt sit ki mande ou enfòmasyon pèsonèl ou pou w kapab resevwa koupon an. Biznis lejitim yo PA mande okenn enfòmasyon labank pou jwenn yon afè koupon.	<ul style="list-style-type: none">Toujou ale sou sitwèb ofisyèl biznis lan pou w wè si li ap ofri koupon.
Prè pou Taks	Li enpòtan pou w fè atansyon lè w ap chwazi yon pwofesyonèl taks. Menm si pifò preparatè yo bay yon sèvis onèt bon kalite, kèk ladan yo ka fè w fè erè nan al pran kredi oswa dediksyon ou pa gen dwa fè reklamasyon pou yo. Lè yo pwomèt yon "pi gwo" ranbousman, yo pral ogmante frè yo, epi ou pral rive pèdi lajan olye ou fè lajan.	<ul style="list-style-type: none">Rezidan New York ki kalifye yo kapab itilize NYC Free Tax Prep pou yo fè yon depo taks ki fyab epi pwofesyonèl. Jwenn plis enfòmasyon sou nyc.gov/taxprep

Magouy Prè Etidyan

Selon Lwa sou Èd, Sekou ak Sekirite Ekonomik pandan Kowonaviris la (CARES), peman prè federal etidyan yo kanpe otomatikman, san enterè ni penalite, rive jouk 30 septanm. Moun ki mande prete ki gen prè etidyan Lwa a pa garanti yo pa gen pou yo pran okenn mezi pou sispan peman yo.

Men kèk konsèy:

- Si gen moun ki kontakte ou pou yo di w yo kapab mete ou nan pwogram lan pi vit oswa gratis, se yon magouy.
- Si w pa sèten si Lwa a garanti prè w la, kontakte ajans k ap kolekte dèt la dirèkteman pou w mande li.
- Li [Konsèy sou Dèt Prè Etidyan Pandan COVID-19](#) (ki disponib nan plizyè lang).

Resous ak Èd Gratis

Nouvèl sou COVID-19 ak konsèy pou sante: Al gade nan [nyc.gov/coronavirus](#)

Konsèy finansye gratis nan telefòn: Al gade nan [nyc.gov/TalkMoney](#) pou w pran yon randevou.

Komisyon Komès Federal (FTC): Al gade nan [ftc.gov](#) oswa rele nan 1-877-FTC-HELP (1-877-382-4357). Siyale vòl idantite bay FTC apre w fin depoze yon rapò polis.

Biwo Pwoteksyon Finansye Konsomatè (Consumer Financial Protection Bureau, CFPB): Al gade nan [consumerfinance.gov](#) oswa rele nan 1-855-411-2372.

Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York: Al gade nan [dos.ny.gov/consumerprotection](#) oswa rele nan 1-800-697-1220.